


THE SCHOOL BOARD OF BROWARD COUNTY, FLORIDA

 600 S.E. 3rd Avenue, Fort Lauderdale, FL 33301 • Office: 754-321-2600 • Fax: 754-321-2701

ROBERT W. RUNCIE
Superintendent of Schools
**The School Board of
 Broward County, Florida**

 Donna P. Korn, Chair
 Dr. Rosalind Osgood, Vice Chair

 Lori Alhadeff
 Robin Bartleman
 Heather P. Brinkworth
 Patricia Good
 Laurie Rich Levinson
 Ann Murray
 Nora Rupert

24 Mas, 2020

Pou Paran/Gadyen,

Dènye dis jou ki sot pase pote gwo chanjman nan tout kominote a nèt kòm nap chèche solisyon pou pandemi COVID-19. Respekte distans sosyal se yon chaj pou nou chak. Mwen vle remèsye ou pou efò ou pou founi yon anviwonman an sekirite, estriktire epi jwaye pou pitit-ou. Se yon travay difisil, men ou montre ou konpreyansif, gen konpasyon, epi ou pran paysans ak nenpòt moun – spesyalman ak ou-menm ki alatèt.

Le **Samdi, 28 Mas**, paran ki pat ka vin pran yon konpitè, gen opòtinite resevwa youn. Pi ta nan semennan paran va resevwa enfòmasyon adisyonnèl konsènan distribisyon konpitè.

Le **Lendi, 30 Mas**, Lekòl Piblik Broward County, va mande elèv-yo retounen lekòl pou aprann, ak pwofesè-yo ki va bay yon enstriksyon gide. Malerèzman, elèv-yo pap ka retounen andedan saldeklas lekòl-yo. Men elèv-la (pitit-ou) va reprann klas nan lekòl-li epi reponn prezan nan saldeklas pwofesè-li, lè pitit-ou itilize yon konpitè ki gen koneksyon Entènèt. Entèaksyon ak pwofesè epi ansèyman va fèt pandan twazèdtan chak jou avèk elèv-yo; elèv-yo va fè aktivite aprantisaj pandan yon jounen konplè. Ou va jwenn enstriksyon konsènan sou sa pou ou fè nan paj 2 lèt sa.

Lekòl-nou ka fèmen, men Aprantisaj pa janm fèmen (*Learning Never Closes*) nan lekòl Broward. Elèv-yo va kapab kontinye aprann ak pwofesè-yo epitou itilize resous siplemantè. Tanpri vizite sit browardschools.com/learningnevercloses pou plis enfòmasyon. Anplis materyèl enstriksyon pou tout elèv ak resous adisyonnèl pou aprantisaj nan klas spesifik, ou va jwenn enfòmasyon sou ESE, Bilingual/ESOL, ak pou lòt kominote.

Pou elèv, nan klas K-5 (Grades K-5), tanpri vizite sit, bit.ly/SupportingYoungLearners.

Pou elèv nan klas 6-12 (Grades 6-12), tanpri vizite sit: bit.ly/SupportingSecondaryLearners.

Si ou bezwen koneksyon Entènèt lakay-ou, tanpri ale sout sit <http://browardschools.com/coronavirus>. Chèche Seksyon “Free Internet for Students” (Entènèt gratis pou Elèv).

Mési paske ou fè sèten pitit-ou anrejistre sou sit sso.browardschools.com; le 30 Mas, pitit-ou va reponn prezan nan saldeklas-li. Pandan Vakans Prentan, distans sosyal pa vledi izole sosyalman. Tanpri chonje ede tèt-ou ak ede lezòt lè ou kominike ak zanmi, fanmi, epi òganizasyon kominotè. Mwen swete ou byen repoze ou pandan rès Vakans Prentan.

Sensèman,

Superintendent Robert W. Runcie

Apati Lendi, 30 Mas

Ale lekòl

1 - Ale sou sit sso.browardschools.com

Antre lekòl

2 - Anrejistre (Sign-In), avèk nimewo idantifikasyon elèv & modpas/PIN (student number & password/PIN), pou antre sou LaunchPad pa-ou

Antre nan klas

3 - Klike sou Canvas tile
4 - Itilize bouton "Courses" sou kote goch

Antre nan klas

5 - Anwo paj la, fè lekti notifikasyon ak annons pwofesè a epi chache devwa ou anba a.

Entèaksyon ak pwofesè

6 – Ou va gade videyokonferans andirèk, videyo preanrejistre, ak mesajri Canvas (live video conferencing, prerecorded video, and Canvas messaging). Chak pwofesè va ba-ou enstriksyon spesifik sou sa pou ou fè.

E lòt sèvis sipò?

Lekòl Piblik Broward County va founi elèv ak fanmi-yo, sèvis, avèk modifikasyon, pandan peryòd moun dwe respekte distans sosyal. Pwogram ki konsène:

- Edikasyon pou elèv esepsyonèl - Exceptional Student Education
- Pwogram ESOL - Bilingual/ESOL
- Konseye lekòl ak oryantasyon BRACE - School Counseling and BRACE Advisement
- Konsèy pou Lafanmi, Patisipasyon Fanmi & Kominote - Social Work Family Counseling, and Family & Community Engagement

Nou va poste plis enfòmasyon nan Canvas ak sou sitweb depatman an browardschools.com epitou sou sibweb chak lekòl.

Mizajou enfòmasyon va pibliye regilyèman sou sit browardschools.com/coronavirus.